Qaraqalpaqstan Respublikası
statistika basqarması

2019 jıldıń yanvar-iyun aylarında

# QURILIS JUMISLARI

**_SANLAR:_**

Qurılıs jumısları kólemi - ***1855,2 mlrd. sum***

İri qurılıs kárxanaları úlesi – ***10,1 %***

Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar ***–61,0%***

Qurılısta rasmiy bolmaǵan sektordıń úlesi-***28,9%***

Qaraqalpaqstanda qurılıs jumısları investitsiya kiritiliwdiń eń ahmiyetli tarawlarınıń biri bolıp esaplanadı. 2019-jıldıń yanvar-iyun aylarında Respublikada jámi 1855,2 mlrd.sum qurılıs jumısları islengen bolıp, ósim páti ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 144,6%ti quradı.

Iri qurılıs kárxanaları tárepinen 187,5 mlrd.sum qurılıs jumısları islenip, jámi qurılıs jumıslari kóleminiń 10,1%, hámde ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 113,6%ı quradı.

Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar úlesine jámi qurılıs jumısları kóleminiń 61,0%ı yaki 1132,2 mlrd.sum tuwrı keldi hám o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 125,9%dı quradı, qurılısta rasmiy bolmaǵan sektordıń úlesi 28,9%, yaki 535,5 mlrd.sumǵa tuwrı keldi hámde o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 221,2%dı quraydı.

| İri qurılıs karxanaları | Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar | Rasmiy bolmaǵan sektor |
|---|---|---|
| **187,5 mlrd.sum** | **1132,2 mlrd.sum** | **535,5 mlrd.sum** |

**Ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda % da**




**Uliwma kólemniń payızdaǵı úlesi % da**



Qurılıs jumıslarınıń tiykarǵı bólegi qurılıs joybarların islep shıǵıw, turar jay hám jasaw ushın mólsherlengen imaratlar quriw hám jasaw ushın mólsherlenbegen imaratlar quriw boyınsha ámelge asırılǵan qurılıs jumıslarınan ibarat boldı. Olardıń úlesi jámi qurılıs jumısları kóleminde 69,9%dı quradı hám o`tgen usı dáwirine salıstırǵanda 99,7 % punktge kóbeydi.





Puxaralıq qurılısı obyektlerin quriw boyınsha qurılıs jumısları kólemi usı dáwirde 12,5 %dı qurap, o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 16,4 % punktqa ko'beydi.



Qaniygelestirilgen qurilis jumislarinin' u'lesi bolsa 17,5 % ke tuwrı keldi hám o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 11,0 % punktge kóbeydi .

## 2019-jıl yanvar-iyun aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumısları



*Imarat hám inshaatlar qurılısı*

**1296,8** mlrd.sum



*Puxaralıq obyektleri qurılısı*

**232,0** mlrd.sum



*Qaniygelestirilgen qurılıs jumısları*

**326,4** mlrd.sum

Qurılıs  jumisları túrleri boyınsha




2019-jıl yanvar-iyun jagdayina ekonomikalıq xizmet túrleri boyınsha imaratlar hám inshaatlardıń qurılısınıń kólemi o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 99,7% ke ko`beygen, puxaralıq obyektlerdiń qurılısı 16,4% ke ko`beygen, qaniygelestirilgen qurılıs jumısları 11,0 %ke ko’beydi.

Jańa qurılıs, rekonstruksiya qılıw, keńeytiriw hám texnikalıq qayta qurallantırıwdın jámi qurılısdaǵı úlesi 73,8% ti quradi. Kapital, ápiwayı ońlaw hám basqa qurılis jumisları bolsa 26,1% in quradı.

## 2019- jıldıń yanvar-iyun ayında islengen qurılıs jumısları rayonlar kesiminde

| Rayonlar | mlrd.sum | Ósim páti |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | **1855,2** | **144,6** |
| Nókis qalası. | 554,3 | 115,7 |
| Amiwdarya | 161,3 | 112,8 |
| Beruniy | 150,0 | 223,2 |
| Qaraózek | 36,8 | 135,8 |
| Kegeyli | 36,5 | 199,2 |
| Qońırat | 170,7 | 102,5 |
| Qanlıkól | 23,2 | 112,0 |
| Moynaq | 22,5 | 177,1 |
| Nókis rayonı | 99,4 | 237,2 |
| Taxiatash | 64,5 | 158,3 |
| Taxtakópir | 85,3 | 206,7 |
| Tórtkul | 146,4 | 172,3 |
| Xojeli | 144,2 | 364,0 |
| Shimbay | 37,6 | 149,1 |
| Shomanay | 25,5 | 116,4 |
| Ellikqala | 96,9 | 145,1 |

## Múlkshilik derekleri boyınsha qurılıs jumısları




Múlkchilikdiń mámleketlik emes formasındaǵı qurılıs mekemeleri tárepinen 1788,3 mlrd. sumliq qurılıs jumısları bejerilgen bolıp, jámi qurılıs jumısları kóleminń 96,4 payızın quradı hám bul kórsetkish ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 1,2 payızǵa kemeydi.

Qurılis jumısları túrleri



2019-jıl yanvar-iyun ayları ushın rayonlar kesiminde qurılıs jumısları




Qońırat rayonına qaraslı bolǵan Karakalpakiya posyolkası xalıq punkti "Abat mahalle" dástúri tiykarında jańa kórinis aldı. Qaraqalpaqstan Respublikasındaǵı 15 rayonnan usı programmaǵa kiritilgen 45 awıldıń hárbirinde usı posyolkadaǵı sıyaqlı qurılıs hám abadanlastırıw jumısların ámelge asırıw ushın 215,1 mlrd.sum qarjı ajıratılıwı belgilengen. Búgingi kúnde baǵdarlama sheńberinde

Dástúrdiń ahmiyetli tárepi sonda, tek ǵana awıl abat bolıp qalmasdan bálkim onda jasap atırǵan jerleslerimiz mudamı jumıs ornina iye boldi. Posyolka puxaralar jıyınında tigiw sexi jumısqa túsirilip, 80 dana hayal-qiz dáramat deregi menen támiynlendi.

Otgen ásirdiń 90-jıllarınan berli qarawsız jatqan klub qayta remontlanıp, zamanagóy mádeniyat sarayı na aylantırıldı. Bul jerde Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi tárepinen islep shıǵarılǵan programmalar tiykarınan hár qıylı mádeniy aǵartıwshılıqlar , teatr tamashaları, diydarlasıwlar ótkerilip atır.

"Abat mahalle" programması sheńberindegi jumıslar izbe-iz dawam ettirilip atır.




Moynaq rayonında uzınlıǵı 2,3 km, eni 45 metrge teń ushıw jolı rekonstruktsiya jumısları hám aeroport terminalı qurılısı ketpekde. Házirde Moynaqda kóp qavatlı úyler qurılisi baslandı.



Moynaq rayonında keme kórinisindegi balalar dem alıw lageri qurılısı baslandı



“Moynaq akva sanaat” unitar karxanası tárepinen smeta bahası 26 mlrd. 200 mln.sum bolǵan usı zavod jılına 9 mln. dana baliq konserva ónimlerin islep shiǵarıw quwatına iye boladı hám 62 adam jumıs penen bánd boladi.






O'zbekistan Respublikası Prezidentiniń PP-4201-san "Abat máhálle" dásturi tuwrısındaǵı Pármáni bejeriliwin ta'miynlew, sonday-aq, máhallelerdiń sırtqi kórinisin tupden jańalaw, territorial kompleks rawajlandırıw, jol-transport infrostrukturası, injener-kommunikatsiya tarmaqları hám sotsial taraw ob`ektlerin jaratiw, sol tiykarda xalıqtiń turmis dárejesin asırıw maqsetinde hár bir rayon boyınsha máhállelerde ońlaw hám abadanlastırıw jumısları islenbekte.

**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Investitsiya hám qurılıs statistikası bólimi**
**Orınlawshı: Z.Seytimbetova**
**+ (0361) 222-75-91**